

NOMER :

KELAS :

**PENILAIAN SUMATIF AKHIR SEMESTER (PSAS) GANJIL
BAHASA JAWA KELAS 9
SMP WACHID HASJIM 9 SEDATI
TAHUN AJARAN 2024/2025**

Pilihan Ganda

1. Perangan drama kang isine ngandhutt pitutur pangripta ngenani crita diarani?

2. Ing ngisor iki kang ora klebu peperangane latar yaiku?

3. Kang diarani alur yaiku?

4. Jinising drama kang pancelatone dilagokake kanthi kairingan music utawa gamelan diarani?

5. Saben babak sajroning pamentasan drama dumadhi saka pirang-pirang?

6. Bakune gagasan kanggo ngrembakakake crita drama diarani?

7. Sawijining karya sastra kang biso dipentasake dening paraga diarani?

8. Piweling saka pangripta marang pamiarsa lumantar pamentasan drama sing digelar diarani?

9. Sing diarani latar yaiku?

10. Pacelathon kang diucapake sambung-sinambung antar paraga diarani?

11. Babagan kang bisa kanggo medhar eksposisi proses yaiku?

12. Kapisan ditemtokake nalika nulis teks eksposisi yaiku?

13. Ing ngisor iki kang nudhuhake ancas panulisan teks eksposisi yaiku?

14. Drama tradisional saka Jawa Timur yaiku?

15. Pagelaran drama utawa sandhiwara klebu sajroning seni?

16. Teks eksposisi surasane kanggo nambahi kawruh pamaca. Panulisan teks eksposisi bisa migunakake tembung panggandeng; *Sebabé, Akibate, Saengga, Mila*, kang bisa ditemtokake ing teks eksposisi?

17. Bagean Pungkasan utawa panutup sajroning teks eksposisi ugo diarani?

18. Wacanen kanti permati paragraf ing ngisor iki.

Bathik minangka pralambang budaya ing Indonesia kanggo saperangan acara, umpamane koyo acara resmi lan ora resmi, bathik ugo iso digunakake ing acara kang magepokan karo adat tradisional. Kang mengkana negesake kalungguhan bathik ing satengahing masyarakat jaman saiki.

Paragraf ing duwur nuduhake struktur sing mangun teks eksposisi sing diarani?

19. Drama kang wujudte ora adoh saka dhagelan, ananging kang diutamakake ing crita iki peran lucu kang bisa agawe bebungah lan guyune pamiarsa diarani drama?

20. Ing ngisor iki babagan kang ora klebu unsur sing mangun drama yaiku?

PENILAIAN SUMATIF AKHIR SEMESTER (PSAS) GANJIL
BAHASA JAWA KELAS 9
SMP WACHID HASJIM 9 SEDATI
TAHUN AJARAN 2024/2025

Jodohno struktur lan jenis drama karo pengertian sing bener ing ngisor iki!

STRUKTUR DRAMA

PROLOG

Pengertian

- Babagan kang medhar ukoro minongko pengenalan lan toto aturan crito.

ORIENTASI

- Babagan kang nuduhake bagian konflik kang wis teko dene puncak keruwetan kahanane.

KOMPLIKASI

- Babagan kang mujudtake ukoro utawa tetembungan pambuka, pengantar kayadene latarbelakang sajroning crito.

EPILOG

- Babagan kang kacawisake kanthi tinemu nalar, lan jumbuh karo dene komplikasi lan konflik kang ono sajroning babagan sakdhurunge..

RESOLUSI

- Babagan panutup saka drama awujud tetembungan kang isine dudutan saka sekabehing babagan drama.

JENIS DRAMA

OPERA

Pengertian

- Jenis drama kang ngutamakake obahing paraga utawa keprigelan akting tanpo migunakake dialog ing sajroning crito.

TABLO

- Drama kang pancelathone dilagokake kanti kairingan musik utawa gamelan.

KOMEDI

- Drama kang wujudte ora adoh saka dagelan, Teges tembung, ananging isih ngutamakake lakon lucu ing sajroning critone.

FARCE

- Drama kang njodohake peperang seni kang digabung soko seni sandhiwara, seni tari, lan seni music.

SENDRATARI

- Drama kang isine guyonan, nanging sajroning critone kadang ngandhut sindiran, kritik, lan amanat.

**PENILAIAN SUMATIF AKHIR SEMESTER (PSAS) GANJIL
BAHASA JAWA KELAS 9
SMP WACHID HASJIM 9 SEDATI
TAHUN AJARAN 2024/2025**

Wacanen kanthi permathi naskah drama ing ngisor iki!!!

Judul: Adicara Kamardikan

Ing tanggal 12 Agustus 2024, bocah osis ngeneake rapat kanggo peringatan dina kamardikan kang bakal di laksanakake ing tanggal 17 Agustus 2024. Rapat dilaksanakake ing ruang osis, anggota osis sing melu rapat, yaiku Andi (ketua osis), Alto (wakil ketua osis), Susi (Sekretaris), Rina lan Aldo (Bendahara 1 lan 2). Ketua osis sing jenenge Andi teko banjur lungguh ing kursi ne.

Andi : “Ayo kanca-kanca dimulai diskusine!”

Susi : “Kosik kosik, Alto durung teko.”

Rina : “Oh iya Alto nyandi ya ?”

Aldo : “Paling isih nek toilet bocahe, mergane aku meng weruh de’e mlaku tumuju toilet.” (kandane Aldo sinambi kipas kipas amarga sumuk)

Andi : “Ya wis, dienteni disik.”

Ora suwe Alto teko banjur lungguh sandinge Andi.

Andi : “Awakmu bar kongendi lho, To?” (Andi takon marang Alto)

Alto : “Toilet, he..he” (kandane Alto karo cengengesan)

Andi : “ Yo wis di mulai diskusine! Cah, dilut engkas kan tanggal 17 Agustus 2024 sing artine Indonesia bakal ulang tahun kamardikan, lha awake dewe oleh tugas saka pak kepala sekolah supaya ngrancang acara opo wae kanggo meriahne dina Kamardikan, menawa ana sing duwe ide ayo dirembugne ing kene.”

Aldo : “Aku duwe usul, ndi, awake dewe ngeneake acara fashion show sing temane klambi batik, piye menurut mu, ndi?” (Usul e Aldo kanthi nyawang Andi)

Andi : “Hmm...apa alasan mu usul ngono kui, do?” (Pitakone Andi marang Aldo)

Aldo : “Amarga batik iku wis dadi ciri khas e bangsa Indonesia lan dadi budaya bangsa sing wis terkenal teko luar negeri, dadi cocok kanggo tema dina kamardikan lan bisa kanggo ngenalake batik marang generasi muda.”

Rina : “Pinter tenan bocah siji iki, cocok do usulmu, setuju aku, piye pendapat kanca liyane ?” (kandane Rina karo ngacungi jempol marang Aldo).

Andi : “Ok aku yo setuju, wis ditentoke salah sijine acara, yaiku fashion show tema batik.”

Susi : “Terus liyane fashion show acara liyane opo wae iki?”

Rina : "Drama tema pahlawan piye?"

Andi : "Iku yo kenek, mengko karek dikoordinasi karo perwakilan kelas, supaya iso melu partisipasi kabeh, terus acarane ditambahi karo lomba sing edukatif supaya meriah."

Kanca kancane kabeh pada setuju lan wis ditentokake acara apa wae sing cocok kanggo meringati dina Kamardikan antarane, yaiku fashion show tema batik, drama tentang tema pahlawan, lomba lomba edukasi lan liya liyane.

Berilah tanda (v) di kolom benar atau salah, pada pernyataan dibawah ini!

No.	PERNYATAAN	BENAR	SALAH
1	Tembung ing duwur dudu kalebu soko naskah drama, ananging kalebu kategori saka bentuk e teks eksposisi.		
2	Tujuane kang digagas aldo gawe ngenalake budaya bathik ing sajroning kegiatan agustusan yaiku amrih generasi muda supoyo podo gati lan ngugemi budayaning negeri.		
3	Judule naskah drama ing dhuwur yaiku adicara kamardikan.		
4	Naskah drama ing dhuwur kalebu sajroning naskah melodrama.		
5	Ing sajroning naskah drama ing dhuwur dijelasake yen dinone kamardikan yaiku ing tanggal 12 Agustus 2024.		